



# PEMAN PRESTASYON OSWA REVOKASYON AK BENEFIS ASIRANS CHOMAJ OU

Fèy enfòmasyon sa a di w kijan peman prestasyon oswa revokasyon an ka afekte elijiblité w pou resevwa benefis Asirans Chomaj (UI).

## KISA KI KONSIDERE KÒM PEMAN PRESTASYON OSWA REVOKASYON?

Lwa UI defini peman revokasyon kòm peman yon patron bay yon anplwaye akoz separasyon nan travay. Peman prestasyon an konsidere tankou peman revokasyon. Yo ka peye l kòm yon seri peman oswa kòm yon montan lajan global.

Peman prestasyon/revokasyon pa enkli peman pou pansyon, retrèt, konje ki akimile ak asirans sante oswa peman pou benefis chomaj siplemantè.

Salè WARN— peman ki fèt daprè lwa sou Notifikasyon Ajisteman Travayè ak reyadaptasyon (Atik 25-A nan lwa travay) – pa konsidere kòm peman prestasyon oswa revokasyon. Lwa WARN nan deklare ke yo pa ka refize oswa redwi benefis UI yo akoz peman ou resevwa daprè WARN.

## ÈSKE YO PEYE PEMAN PRESTASYON / REVOKASYON AN KÒM YON MONTAN LAJAN GLOBAL KI DIFERAN DE PEMAN KI FÈT SOU YON PERYÒD TAN?

Non. Nenpòt peman prestasyon/revokasyon ou resevwa nan 30 jou apre dènye jou travay ou, keseswa se yon montan lajan global ke yo te ba ou sou yon peryòd tan, ka afekte benefis ou daprè refòm UI.

Jeneralman, yo pral defini klèman nan plan kontra w oswa plan prestasyon/revokasyon w peryòdd tan ki kouvri peman global la. Si li pa defini, Sant Reklamasyon Telefòn Depatman Travay la pral detèmine peryòd tan peman lajan global la pral kouvri. Yo pral gade salè mwayèn aktyèl chak semèn ou oswa salè brit mwayèn chak semèn nan trimès kalandriye salè ki pi wo nan peryòd debaz ou\* pou detèmine kantite tan montan lajan global pou prestasyon ak revokasyon an kouvri.

## SI MWEN RESEVWA PEMAN POU PRESTASYON/REVOKASYON, KIJAN LI PRAL AFEKTE BENEFIS MWEN YO?

Si ou resevwa peman pou prestasyon/revokasyon nan lespas 30 jou ki vini apre dènye jou travay ou, ou pap kalifye pou benefis imedyatman si:

- Peman prestasyon/revokasyon w pi wo pase pouvantaj benefis maksimòm chak semèn UI a Oswa
- Anplwayè ou te ba ou yon pèman global e montan pouvantaj chak semèn nan pi gran pase pouvantaj benefis maksimòm chak semèn UI.

Ou ka kalifye pou w kolekte benefis si:

- Kantite lajan chak semèn pou peman prestasyon/revokasyon an egal a oswa mwens pase maksimòm benefis chak semèn UI Oswa
- Peman pou prestasyon/revokasyon an sispann e ou gen ase salè nan peryòd baz la\* pou etabli yon reklamasyon

Ou resevwa premye peman pou prestasyon/revokasyon plis pase 30 jou aprè dènye jou ou te travay la, ou pral anmezi pou resevwa benefis UI si ou satisfè lòt egzijans kalifikasyon yo.

Si ou pa sèten ou non ou pral resevwa peman pou prestasyon/revokasyon, ou ta dwe fè reklamasyon pou benefis epi kite nou detèmine si ou elijib. Men, ou dwe rele Sant reklamasyon telefon nan touswit si ou resevwa peman pou prestasyon/revokasyon nan lespas 30 jou ki vini apre dènye jou travay ou. Si ou pa rele touswit, ou ka resevwa yon pèman benefis anplis, sa ke ou pra l bezwen remèt. Ou ka sijè tou a lòt penalite.

## KIJAN MAP FÈ KONNEN DÈNYE JOU TRAVAY MWEN POU REZON PEMAN PRESTASYON/REVOKASYON?

Dènye jou travay mwen se dènye jou kote ou te travay oswa ou te nan konje peye, pa egzanp vakans oswa konje maladi.

## ÈSKE MWEN PRAL ELIJIB POU YON ASISTANS AJISTEMAN KOMÈSYAL [TRADE ADJUSTMENT ASSISTANCE (TAA)] OSWA REYAJISTEMAN ALOKASYON KOMÈSYAL [TRADE READJUSTMENT ALLOWANCES (TRA)] SI MWEN RESEVWA PEMAN POU PRESTASYON/REVOKASYON?

Resevwa peman prestasyon/revokasyon pa afekte elijiblite w pou TAA. Men, li pral afekte elijiblite w pou resevwa TRA. TRA se yon alokasyon chak semèn ke yo peye apre ou fin epwize elijiblite w pou benefis UI. Nan fason pou elijib pou TRA, ou dwe elijib pou benefis UI anvan. Sa a vle di ou pap elijib pou TRA si akoz wap resevwa peman pou prestasyon/revokasyon an te rann ou pa kalifye pou benefis UI.

Tanpri Sonje: Byenke ou ka pa inisyalman elijib pou benefis UI pandan wap resevwa peman pou prestasyon/revokasyon, ou ka vin elijib pou benefis chomaj lè peman prestasyon/revokasyon ou an fini.

## ÈSKE YO KA ITILIZE PEMAN POU PRESTASYON/REVOKASYON POU ETABLISHE YON NOUVO REKLAMASYON APRE PERYÒD PRESTASYON/REVOKASYON AN FINI?

Non. Sèlman salè oswa revni pou travay aktyèl pandan peryòd baz la\* ke yon nouvo reklamasyon pa ka itilize pou etabli yon nouvo reklamasyon.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou peman pou prestasyon/revokasyon, tcheke Kesyon yo Poze Souvan yo sou sit entènèt nou an [www.labor.ny.gov/ui/claimantinfo/reform-faq.shtm](http://www.labor.ny.gov/ui/claimantinfo/reform-faq.shtm).

\*Peryòd Baz: Ou dwe resevwa yon kantite salè minimòm pandan kat trimès sa yo pou kapab kalifye pou avantaj Asirans Chomaj.